IB DIPLOMA PROGRAMME
PROGRAMME DU DIPLÔME DU BI
PROGRAMA DEL DIPLOMA DEL BI

M06/1/A1SHO/SP1/SNA/TZ0/XX

22060263

**SHONA A1 – STANDARD LEVEL – PAPER 1**
**SHONA A1 – NIVEAU MOYEN – ÉPREUVE 1**
**SHONA A1 – NIVEL MEDIO – PRUEBA 1**

Monday 22 May 2006 (morning)
Lundi 22 mai 2006 (matin)
Lunes 22 de mayo de 2006 (mañana)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

---

INSTRUCTIONS TO CANDIDATES

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a commentary on one passage only. It is not compulsory for you to respond directly to the guiding questions provided. However, you may use them if you wish.

INSTRUCTIONS DESTINÉES AUX CANDIDATS

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez un commentaire sur un seul des passages. Le commentaire ne doit pas nécessairement répondre aux questions d'orientation fournies. Vous pouvez toutefois les utiliser si vous le désirez.

INSTRUCCIONES PARA LOS ALUMNOS

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un comentario sobre un solo fragmento. No es obligatorio responder directamente a las preguntas que se ofrecen a modo de guía. Sin embargo, puede usarlas si lo desea.

*Sarudza ndima* ***imwe chete*** *imwe chete pane mbiri dzinotevera, ugonyora pfungwa dzako pamusoro payo. Pane mibvunzo iri pashure pendima, haumanikidzwi kuipindura asi yakaiswa kuti ikubatsire pakunyora zvaunofunga pamusoro pendima yacho.*

**1.** (a)

Ndisati ndaenda kuchikoro, mukoma Brian nemukadzi wake vainditora semunhu anosvikirwa. Chavaitadza kuziva ndechekuti ini zvangu ndinofarira zvetsika dzedu dzechivanhu. Zvino Brian naBertha vaibva vafa zvavo nekundiseka. lniwo nehwana hudiki ndaibva ndamisa muromo kunge wemutswiri nekutsamwa zvokuti ndainge ndisingadi kutaura naBertha. lyewo Bertha wacho aibva aitawo kunge mwana mudiki zvokuti ndikazvifunga ndinobva ndaona kuti tainge takapusa tose.

Iyezvino Bertha anoratidza kunzwisisa zvokuti ndinonzwa ropa kumhanyamhanya richifara kuti ndakadzoka kumusha kwandakazvarirwa. Avawo mukoma Brian, *he is frank* zvekuti zvaakandiudza panyaya yezvemakuva ndakabva ndangoona kuti hangu kuti kuita zvenharonaye kupedza nguva. Zvino ini handisi kudzokera shure. Chandiri kuda kutamba makuva aya nokuti zvinoitika muchivanhu ndinozviziva. Kana ndikazonakidzwa neupenyu zvangu ndichiziva kuti hakuna mweya uri kunyunyuta mumashure mangu zvinenge zvakanaka. Zvingave zvinhu zvisingakoshe, asi ini ndinoda kuzadzisa zvandakakura ndichiona zvinoitwa muupenyu hwedu vanhu vatema. Baba vakandizvara ini, ndakavaouna vachibika doro raVaNyamayevhu rekupinza mudzimu mumusha. Ndakavaona vachizviita nababamukuru Jimi, VaTauzeni nedzimwe hama dzedu. Baba vakasiya vandiudza kuti kana vafa, vanoda kuzovigirwa pachuru chiri pamhiri paMupara pavarere nhasi uno. Vakandiudza kuti kana vafa tigozovagadzira kuti vaende kune vamwe vavo sezvakaita sekuru Nyamayevhu. Vakataura zvavanoda vasati vafa, zvino ini chandingaregererewo kuita chido chamuchakabvu chii? Brian ngaagare nekunamata kwake. *He is free to do what he likes*. Kana neniwo *I am free to do what I want*. Chakaipa kutukana paukama, uyezve ukava munhu anongomirira kuitirwa zvose zvose ndicho chirwere chakaipisisa. Pamba pano handisi kuzopagara kwenguva refu. Pandichatanga basa, ndinenge ndava kugara *kuflat* zvokuti kana Brian nemhuri yake vafunga zvekuda kuzondiona vanongouyawo kwandinenge ndichigara. lniwo kana ndavafunga, ndinongouyawo kuno toswera tose tichifara. Kana nguva dzakwana ndodzokerawo kumba kwangu. Zvekugara vanhu makaungana panzvimbo imwe chete zvinopa kuti pave nekutaura.

Varume tinenge tine moyo mirefu, zvino kana vari vakadzi dzinozosara dzokwana 10 o’clock dzemangwanani vatoburana kare. Kana munhu uri pako wegawo kashoma kutaudzana nevanhu. Ndizvo ndiri kuti upenyu hwekuva *independent* ndiwo mushonga wekupedza gakava muupenyu hwedu vanhu vatema.

Midziyo yangu ndakatenga zvokuti pari kusvika mwedzi wemangwana ndinenge ndotorongedza twangu kuenda kunogara kwanguwo ndenga. Kana ndafunga kutsvaga a nobika sadza, hapana chinondinetsa nokuti ndinenge ndichishanda ndichitambira mari. Kana ari Koni wandicharoora zvinenge zvisina kushata. Chakaipa kubika mapoto munhu uchipedza simba rako pasina chinobuda. . . .

.....Hanzvadzi yangu Molly. Achasvikowanawo basa here sezvandaikaita izvi? Kana kuti achanetsekana sezviri kuita vamwe vanhu vandiri kusangana nawo?

Ndezvekutomira naBertha sezvo ari anozivikanwa. Ndiani asingazivi Bertha? Kuvawo munhu anozivikanwa chinhu chinhu chakanaka pane dzimwe nguva. Zvimwe zvinhu zvinongouya *easy easy.* Zvisinei, zvikomborero zvinosiyana sekusiyana kwakaita pfungwa dzedu...

KwaMurehwa? Makore mashanu ose apfuura zvekuti vazhinji vachanditadza. Ndikasvikako ndichada kuona Koni, ndichada kuona hama dzedu dzose dziri kumusha. Ndichadazve kuenda KuMazhangandari kuna tete Mahwineyi, kozoti tete Tambudzai, madzisahwira edu, vekwaMahoko, hama dzedu vekwaPinduka........madzisekuru angu.....ndinopedza kuonavanhu vose here ava? Kana kuti vazhinji vacho vachangozonzwa kuti ndakadzoka vouya kuzondiona? Chingavatadzise chii ini ndakasiya ndavaoneka vose kuti ndava kumbondovhima ruzivo. Dai pasina maiguru vanditi ndimbogara kuno dai ndiri kumusha.

R Choto, *Tongoona (*1985)

– Mamiriro akaita zvinhu kumutambi mukuru anobatsira sei kuburitsa dingindira rendima iyi?

– Sokuona kwako ukama huripo pakati paBright nemhuri yake hwakakosha zvakadii mundima iyi?

– Chidavado chefungiramumwoyo chinobatsira sei kuburitsa kushushikana nemakakatanwa ari mundima umu?

– Chii chiri kushandiswa nomunyori kuti muverengi arambe achida kuziva kuti nyaya yakazofamba sei?

**1.** (b)

**Izoro ramagamba, nhai?**

Izororo ramagamba,
Kuremekedza vaya
Vakaisa nyika mberi,
Upenyu hwavo mumashure.

lzororo ramagamba,
Mabhawa akati pa-a,
Zvikari, mabhotoro, zviri kuzeya,
Ronwiwa zvese nevana varo.

lzororo ramagamba,
Mvana nemachinda adzo,
lbishi mumakwenzi, makoronga, nemumotokari,
Kupara njovhera murudo rwekunyepera

lzororo ramagamba,
Vane mari nemasimba,
Vari kumveyesana, nyama ichigochwa,
Uku vachironga mazano ekumora imwe mari

lzororo ramagamba,
Nyika yose iri mujakwatira rorufaro,
Magamba ari kudyiwa nehonye,
Mhuri dzavo dziri mumisodzi.

lzororo ramagamba, nhai?

C Chirikure, *Rukuvhute* (1989)

– Nyaya huru iri munhetembo ndeyei?

– Chidavado chedzokororo chiri kubatsirei munhetembo iyi?

– Sokuona kwako akabudirira here pakushandisa kwaakaita zvimwe zvidavado zvake mukuburitsa zvaanofunga munhetembo iyi?